



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM NY-SUN KI ELAJI A POU ATENN OMWEN 10 JIGAWAT ENÈJI SOLÈ AN 2030

*Pwogram NY-Sun nan etann sou sis Jigawatt enèji solè ki distribye avèk siksè jiska 2025, ki te rive nan chak konte nan eta a epi li sou pwèn pou atenn objektif li pi bonè ke dat yo te prevwa a, k ap sipòte plis pase 12,000 djòb nan enèji solè jiska prezan*

*Lè nou elaji pwogram NY-Sun lan, sa ap ede kreye yon lòt 6,000 djòb nan enèji solè epi livre omwen 35 pousan benefis pou kominote ki defavorize ak pou Nouyòkè ki gen revni fèv ak revni modere yo*

*Ogmantasyon Kapasite Enèji Solè a akselere pwogrè pou depase objektif New York la pou rive nan 70 pousan nan elektrisite eta a ki soti nan sous renouvlab yo an 2030, sou wout pou yon rezo zewo emisyon*

Nan premye jou Semèn Klima 2021 an, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon apèl pou ekspansyon pwogram NY-Sun ki reyisi a pou reyalize yon objektif elaji omwen 10 jigawat enèji solè ki distribye ki pou enstale an 2030. Yo prevwa pou ekspansyon pwogram nan ede ranfòse rekipèrasyon ekonomik Eta a apre Covid-19 la ak kreyasyon yon lòt 6,000 djòb nan enèji solè anplis 12,000 ki egziste kounye a atravè eta a, yon pòsyon ladan l se pral travay kontini nan operasyon ak mentnans k ap rete pandan dire lavi 25 ane ak plis pwojè a. Ekspansyon pwogram lan ap bay omwen 35 pousan benefis nan envenstisman nan [kominote ki defavorize yo](#) ak Nouyòkè ki gen revni ki ba ak revni mwayen yo. Lè nou ogmante kapasite enèji solè nan tout eta a, sa ap akselere pwogrè pou depase objektif Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act) pou 70 pousan nan elektrisite eta a soti nan sous renouvlab an 2030 sou wout pou yon rezo zewo emisyon.

"Eta New York dwe pi agresif nan fikse nivo pou rekonèt reyalite chanjman klimatik la pi wo epi limite delè pou estope pi move enpak yo nan nivo nasyonal ak mondyal," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak ekspansyon sa, n ap demontre angajman Eta New York pou ogmante kantite enèji renouvlab k ap sikile nan rezo elektrik la epi kreye plis djòb nan sektè enèji solè a nan sipò ak devlopman ekonomi enèji pwòp nou an. Chanjman klimatik la se yon pwoblèm sante piblik - nou dwe konbat li ak tout sa nou

genyen pou asire ke jenerasyon k ap vini yo ap kapab pwospere nan yon planèt ki ansante, epi efikas."

Jodi a, Gouvènè Hochul te mande Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Eta New York la pou devlope yon fèy wout solè k ap soti nan sezon otòn nan pou trase yon wout pou fè objektif NY-Sun la devlope a omwen 10 jigawat an 2030 nan yon fason ki efikas epi responsab. Yo prevwa pou pwojè a ki soti nan objektif ki elaji a alimante apeprè 1.7 milyon kay epi l ap fè kominote yo avanse - epi sèvi kominote ki defavorize yo.

Fèy de wout la ap asire ke pwojè sa yo devlope epi sitiye nan yon fason ki konsidere itilizasyon teren yo konplètman epi y ap avanse nan kolaborasyon pwòch ak pati lokal ki enterese ak kominote agrikòl yo. Depi Fèy de Wout la depoze nan Komisyon Sèvis Piblik la, y ap soti l pou kòmantè piblik ak priz desizyon paralèl nan kòmansman 2022.

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, ak Ko-Prezidan Konsèy Aksyon pou Klima a (Climate Action Council), NYSERDA a, te deklare,**

"Enstriksyon Gouvènè Hochul pou elaji objektif NY-Sun la voye yon siyal klè ke Eta New York angaje pou kontinye devlope sektè enèji solè k ap pwospere li a, pou rekonèt wòl enpòtan ke enèji solè jwe nan reponn ak objektif klima ak enèji pwòp Eta a. Nou prevwa pou 2021 se pi gwo ane enstalasyon enèji solè ki distribye nan New York jiska jodi a epi li rete prè pou devlope epi aplike fèy de wout k ap trase plan nou pou ane k ap vini yo pou asire yon apwoch enklizif, ki elaji, rezistan epi ki reflechi pou tout Nouyòkè."

**Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Komisè ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos te deklare,**

"Anons odasye jodi a pandan Semèn Klima 2021 an apiye mezi klimatik New York ki devan nan peyi a epi se yon lòt etap enpòtan pou reyalize objektif nou pou diminye emisyon gaz efè sè yo. Asosye ak investisman istorik Eta a pou ranfòse kapasite kominote nou yo pou reziste kont gwo siklòn ak inondasyon alavni yo ak travay nou pou fè solisyon dirab yo avanse pou abòde pwoblèm polisyon an, New York ap kontinye sèvi kòm yon modèl pou lòt eta yo epi n ap deplwaye efò nou pou reponn ak defi klima a ak lidèchip Gouvènè Hochul.

**Senatè Kevin Parker, Prezidan Enèji Sena a, te deklare** Pwogram NY-SUN lan te pwove li se yon resous ki efikas pou gran Eta nou an. Mwen fyè ke Gouvènè Hochul ak NYSERDA ap mande ekspansyon pwogram sa. NY-SUN te pwouve li se yon pwogram ki efikas epi ekspansyon an ap ede nou sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Anviwònmanal la (Climate Leadership and Community Protection Act goals) epi ogmante opòtinite travay. Mwen bat bravo pou NY-SUN pou travay di yo epi mwen enpasyan epi mwen enpasyan pou wè gran pa y ap fè apre ekspansyon an."

**Senatè Todd Kaminsky, Prezidan Prezèvasyon Anviwònmanal Sena a, te deklare,** "Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a imajine yon lavni kote nou sispann repoze sou gaz fosil. Ekspansyon potansyèl Eta a pou eksplwate enèji

solè a ap kreye anlwa vèt epi sove anviwònman nou an. Mwen rekonesan ak Gouvènè Hochul paske li rekonèt valè investisman sa nan lavni nou."

**Manm Asanble, Prezidan Enèji Asanble a Michael Cusick, te deklare,** "Enèji solè se yon eleman enpòtan ak yon faktè kle nan reyalyasyon objektif enèji pwòp nou yo. Mwen kontan wè ke gouvènè Hochul ap bay priyorite ak ekspansyon pwogram NY-Sun lan pou devlope kapasite solè eta nou an. Non sèlman se ekspansyon kapasite solè nou pou rezo elektrik nou an men se yon motè ekonomik tou k ap kreye plizyè milye travay ki byen peye atravè eta a."

**Prezidan Asanble a, Steve Englebright, Prezèvasyon Anviwònman, te deklare,** "Pwogram New York Sun lan ede fè kouran solè pwòp ki pa polye pou Moun New York yo. Enèji ki pwodui apati sous solè yo se yon eleman kle ki nesèsè, pou soti nan gaz efè sèr ki pwodui konbistib fosil yo. Nou dwe abòde pwoblèm chanjman klimatik la kounye a - ouragan, inondasyon, dife forè pi souvan epi yo vin pi mal akochofaj planèt la. Klima ekstrèm yo ap pote lavi epi koute plizyè milya. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li pran mezi ki enpòtan pou abòde pwoblèm chanjman klimatik la epi diminye depans enèji a epi kreye plis travay".

"Avèk anons sa, Gouvènè Hochul te poze baz yon vizyon ki solid epi ekitab pou sektè enèji solè ki distribye a epi li semante wòl li nan reyalye sektè elektrik eta a ak sib dekarbonizasyon nan tout eta a jan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Anviwònmanal 2019 la mande la," **Direktè Egzekitif NYSEIA, Shyam Mehta, te deklare.** Anons sa sitou mete aksan tou sou enpòtans pou asire ke benefis yon konstriksyon kontini ak mizanplas enèji solè sou twati ak nan kominote New York la pou sikile bay moun ak kominote ki bezwen pi plis yo, sètadi kominote ki gen revni ki fèb epi modere yo ak sila ki afekte pa pwoblèm jistis anviwònmanal yo. NYSEIA felisite Gouvènè Hochul ak administrasyon li a pou lidèchip yo pou tabli New York kòm yon lidè nasyonal pou enèji solè ki distribye nan ane k ap vini yo, k ap kreye plizyè milye djòb byen peye epi pozisyon enèji solè a kòm yon pilye ki enpòtan nen ekonomi New York la."

"Sib 10 jigawatt pou enèji solè ki distribye Gouvènè Hochul la ap ede nou elaji enèji solè sou twati ak nan kominote a pou plis fanmi toujou nan New York, tout sa pandan n ap netwaye lè nou an, kreye bon kalite travay, epi ranfòse kominote nou yo," **Abigail Ross Hopper, Prezidan ak Direktè Egzekitif Asosyasyon Sektè Enèji Solè (Solar Energy Industries Association).** "New York deja ap eksperimante enpak chanjman klimatik la, epi pwojè enèji solè osu plas ak estokaj lokal yo ka ede nou ranfòse rezistans nou. Sektè enèji solè a kanpe pare pou ede New York atenn sib anbisyè se."

"Nou bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul nan pozisyon New York kòm yon eta premye plan pou kwasans ak konstriksyon enèji solè sou estati li antanke yon lidè kominotè nan mache enèji solè a. " **Kaitlin Kelly O'Neill, Direktè Rejyonal Nòdès la pou Kowalisyon pou Aksè nan Enèji Solè Kominotè a (Coalition for Community Solar Access) te deklare.** "Sib enèji solè anbisyè sa yo ap benefisyè rezidan New York yo lè yo livre ekonomi enèji, kreye nouvo djòb, epi elaji ekite nan ekonomi enèji

pwòp la.. Nou enpasyon pou travay ak administrasyon Hochul la pou devlope enèji solè nan kominote a epi kontribye nan aksè nan enèji solè pou tout Nouyòkè."

"Nouvo angajman pasyonan sa nan New York, mete avèk acha rezo enèji renouvlab ki planifye a, demontre ke Empire State sa serye konsènan aksyon klimatik la epi pou atenn 70% enèji renouvlab an 2030 lan. **Anne Reynolds, ki se Direktè Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York).** "Sektè enèji pwòp la aplodi angajman sa epi li enpasyon pou kontinye investi epi grandi."

Pwojè enèji solè ki distribye ki enstale kounye a, lè yo konbine ak pwojè k ap devlope yo, mete eta a 95 pousan nan objektif Lwa sou Klima aktyèl la pou enstale sis jigawat enèji solè rive 2025. Nan lane 2020 an, New York te klase kòm premye nan peyi a nan Enstalasyon Solè Kominotè epi dezyèm pou enstalasyon total. Aktyèlman genyen plis pase 114,000 pwojè NY-Sun sipòte ak apeprè 6,000 pwojè nan tiyo NY-Sun, k ap konplete pa 73 pwojè enèji solè a gran echèl New York sipòte k ap devlope nan tout eta a - ansanm, pwojè sa yo ap livre ase elekrisite pou alimante plis pase 2.2 milyon kay lè yo fini.

Depi 2011, NY-Sun se inisyativ 1.8 milya dola pou avanse enèji solè a gran echèl epi fè Eta vin pi pre pou gen yon endistri solè dirab, endepandan an, te:

- Enstale pano solè sou tèt kay oswa pwopriyete 145,000 fwaye nan tout konte nan New York yo;
- Founi plis pase 1 milya dola nan prim ankourajman, sa ki mobilize 5.3 milya dola nan investisman prive;
- Antrene plis pase 2,100 pousan kwasans solè nan Eta a;
- Livre ase enèji pwòp, renouvlab pou elekrifye plis pase 522,000 kay nan New York;
- Favorize 12,000 anplwa nan endistri solè a;
- Ede diminye pri enèji solè a koute a, a 69 pousan nan 10 lane; epi
- Angaje 30 milyon dola pou pwojè ki te nan avantaj jistis anviwònmantal la ak kominote defavorize yo.

## **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elekrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis

pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)